

K

1

2

3

4

5

6

7

# Gwo espwa

Patnarya pou  
lavni pitit ou



**Department of  
Education**

*Joel I. Klein, Chancellor*

8

# Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo dwe devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalyite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalyite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou yo fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon fen. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

**Nan gid sa a, w ap jwenn kèk egzanp sou sa elèv klas 8yèm ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.**

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 8yèm ane. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 8yèm ane? Kisa l ap aprann nan klas 9yèm ane ak nan lòt klas yo? Ou ka jwenn repons pou tout kesyon sa yo nan men pwofesè pitit ou a oswa sou sit wèb nou an nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou yo devlope bon abitud etid :

- ❑ Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li ak ti materyèl tankou plim, kreyon, papyè, sizo, ak tep ki deja la.
- ❑ Fè yo fè ak òganize devwa yo chak jou. Yo bezwen konnen kouman pou yo jere tan yo ak devwa yo an fonksyon objektif alontèm yo.
- ❑ Ankouraje yo fè devwa ki pi difisil yo, se pa an dènye.
- ❑ Verifye pou w wè si devwa yo fini alè. Prewokipe w plis de pwosesis yo itilize pou yo fè devwa a pase pou w ap siveye repons ki kòrèk.

Pou ka jwenn lòt lide, ale nan sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Elèv ki gen andikap :

*Sofsi genyen lòt edikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.*

# Mande pwofesè pitit ou

Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.



## Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzanzp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

## Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen an ap travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

## Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòme sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

# Lang e literati angle (ELA)

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Kesyon panse, entansyon, sipozisyon ak pozisyon yon ekri pou decide si enfòmasyon yo valid oswa presi.
- Rekonèt diferan kalite langaj zanmi ak asosye yo itilize pou yo kominike. Pa egzanp, yo ta dwe rekonèt jagon (tèm teknik, jagon adolesan, oswa lòt kalite mo ki vle di yon bagay pou yon gwoup espesifik oswa pou yon pwofesyon, men pa pou etranje) ak langaj fanmiye (langaj enfòmèl, toulejou).
- Konnen ak itilize konvansyon pou deba, diskisyon an gwoup, pwosè imajinè ak lòt fòm pou prezante enfòmasyon.
- Ekri redaksyon *essay* ki gen twa paj oswa plis ki konpare ak diferansye eleman tankou pèsonaj, anviwònman, imè ak vwa nan de tèks literè oswa plis (woman, pyès teyat, elatriye).
- Li ak konprann omwen 25 liv, pami yo omwen kat liv sou yon sijè oswa kat liv menm otè a ekri oswa kat liv ki nan yon sèl jan (estil) literati.
- Poze ak reponn kesyon pou eklèsi entèpretasyon yon tèks oswa yon pèfòmans literè.
- Rekonèt teknik konvenkan nan prezantasyon, tankou demann emosyonèl ak moral.
- Montre konpreyansyon yon sijè lè yo egzamine li atravè diferan aktivite literè, tankou redaksyon, pyès teyat, prezantasyon oral, ak pèfòmans ki itilize teknik mik.
- Rekonèt apati yon koudèy yon gwo kantite mo ki kouran anpil ak mo ki gen pou wè ak kontni espesifik. Pa egzanp, rekonèt mo ki gen pou wè ak syans, ekonomi, espò oswa jwèt sou òdinatè.
- Li an silans ak awotvwa nan plizyè jan (estil).



## Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal fanmi yo ak nan lang Angle tou.

**Ankouraje pitit ou pou li soumèt powèm oswa istwa orijinal kout** pou piblikasyon nan WordSmiths, yon antoloji redaksyon adolesan ki sou sit wèb Teenlink Bibliyotèk Piblik Nouyòk, [teenlink.nypl.org/WordSmiths-Current.cfm](http://teenlink.nypl.org/WordSmiths-Current.cfm).

**Ankouraje pitit ou pou li eple mo byen**—sou papye ak nan kominikasyon pa imèl. Konsève yon diksyonè lakay ou oswa tcheke òtograf mo yo nan sit wèb [www.m-w.com](http://www.m-w.com).

**Chwazi yon istwa lokal resan oswa yon pwoblèm** epi ankouraje pitit ou pou li konpare fason diferan piblikasyon nan Nouyòk, tankou New York Times, [www.nytimes.com](http://www.nytimes.com), New York Daily News, [www.nydailynews.com](http://www.nydailynews.com), ak New York Magazine, [nymag.com](http://nymag.com). trete istwa sa a.

**Fè diskisyon an fanmi vin tounen yon priyorite.** Menm si ou toujou prese, pran yon tan, tankou dine dimanch la, lè nou tout chita ansanm epi fè yon konvèsasyon reyèl. Ankouraje tout moun pou yo patisipe.

# Matematik



## Aprantisaj lakay

**Ede pitit ou fè chwa entèlijan nan lajan.** Pale osijè preparasyon bidjè, planifikasyon fason pou depansè resous limite, fason pou rantre lajan, ak estrateji pou ekonomize lajan pou dezi ak bezwen alavni. Pale osijè frè kredi ak fason zouti tankou yon kont kouran ak yon kat kredi kapab itilize ak koute chè alafwa.

**Mathworld Classroom ofri definisyon klè ak demonstrasyon** sou konsèp nan aljèb preparatwa, nan aljèb, nan jewometri ak nan lòt matyè sou sit wèb [mathworld.wolfram.com/classroom](http://mathworld.wolfram.com/classroom)

**Fè pitit ou sonje tout djòb ki gen pou wè ak matematik**—avèk tou plis karyè sèten tankou kontab ak savan fize ak chwa ki pa twò sèten tankou sikològ ak antrenè cheval kous. Ede pitit ou jwenn opòtinite pou pran avantaj nan domèn enterè sa yo.

**“On-Lion” for Kids**, sit wèb Bibliyotèk Piblik Nouyòk pou jenn moun, genyen jwèt matematik ak syans ak eksplorasyon ki enteresan nan [kids.nypl.org/science/math.cfm](http://kids.nypl.org/science/math.cfm), tankou èd pou devwadmezon epi kesyon ak repons sou konsèp ak pwoblèm matematik lekòl pre-segondè.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Li, ekri ak idantifye pousantaj ki piti pase yon pousan (tankou  $\frac{1}{2}$  pousan, oswa 0,005) ak plis pase 100 pousan (tankou 230 pousan, oswa 2,30).
- Rezoud pwoblèm sou pousantaj. Pa egzanp, kalkile taks sou lavant, enterè senp, pri lavant, komisyon, oswa poubwa.
- Idantifye diferan pè ang : ang vètikal (ang ki opoze youn ak lòt kote lòt dwat yo kwaze), ang siplemanntè (de ang ki totalize 180 degre), ak ang konplemanntè (de ang ki totalize 90 degre oswa yon ang dwa).
- Idantifye pè ang ki fòmè lè yon twazyèm dwat koupe de dwat paralèl.
- Detèmine pant yon dwat—pant yon dwat sou yon graf, ki defini dapre rasyo chanjman nan distans vètikal ak orizontal ant de pwen.
- Rezoud ekwasyon ak pwopòsyon pou konvèti mezi tradisyonèl an ekivalan metrik. Pa egzanp, 2 mil x 1,6 kilomèt/mil = 3,2 kilomèt.
- Konvèti tanperati Farenheit an tanperati Celcius epi Celcius an Farenheit,  $C = \frac{5}{9}(F-32)$ .
- Adisyon ak soustrè polinòm (ekspresyon ki genyen youn oswa plizyè varyab, tankou x ak y, ak nonb konstan, tankou nonb antye) epitou itilize sèlman adisyon, soustraksyon, multiplikasyon ak ekspozan nonb antye pozitif konstan. Pa egzanp,  $2x^2 + 3x + 4$  se yon polinòm.
- Faktoriye ekspresyon aljebrik. Pa egzanp :  $x^2+3x+2 = (x+2)(x+1)$ .
- Itilize matematik pou montre ak konprann fenomèn fizik (tankou konstriksyon yon modèl redui kay ou a); fenomèn sosyal (tankou kreyasyon bidjè pou yon vakans dete), ak fenomèn matematik (tankou reprezante ekwasyon aljebrik sou graf epi dekri ak diferansye dwat graf la).

# Syans

Nan klas uityèm ane Syans, elèv yo ap eksplore repwodiksyon, eredite, ak evolisyon; imen ki nan anviwònman yo; latè, solèy, ak sistèm lalin lan; epitou fòs ak mouvman sou latè.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konprann ke tout karakteristik jenetik òganis yo pase de jenerasyon an jenerasyon.
- Konpare ak diferansye repwodiksyon seksyèl (repwodiksyon avèk de paran) ak repwodiksyon aseksyèl (ki mande yon sèl paran).
- Konprann eleman eredite, tankou DNA (matyè ki nan yon selil ki gen enfòmasyon jenetik yo), jèn (pyès DNA ki genyen enfòmasyon pou yon karakteristik presi, tankou cheve wouj), ak mitasyon (chanjman nan karakteristik ki fèt lè DNA a domaje oswa chanje).
- Konprann resous natirèl ak enèji, tankou bezwen enèji yon peyi, yon rejyon, oswa yon fanmi; sous enèji ki renouvlab, tankou enèji solèy; ak sous enèji ki pa renouvlab, tankou chabon oswa petwòl.
- Konprann pwoblèm anviwònman, tankou fason pou jete fatra ak lòt dechè; fason ki pi bon pou itilize tè nan vil nou yo k ap devlope, polisyon lè ak dlo; epi rechofman atmosfè a.
- Konprann koneksyon ki genyen ant nitrisyon ak sante, avèk tou efè toksin anviwònman, tankou sibstans chimik ki antre nan chenn alimantè a; maladi manje lakòz, tankou salmonèl *salmonella*; ak ratman nan sistèm yo, tankou maladi kè oswa dyabèt.
- Klase objè ki nan lespas la tankou etwal, planèt, komèt, lalin yo ak astewoyid yo.
- Konprann Dezyèm ak Twazyèm Lwa Newton: yon fòs nè ki aji sou yon objè ap akselere nan direksyon fòs sa a epi pou chak aksyon genyen yon reyaksyon egal ak yon reyaksyon opoze.
- Detèmine vitès ak akselasyon yon objè (nan ki ritm li pran vitès).
- Idantifye rapò ki genyen ant koz ak efè .

## Aprantisaj lakay

**Pale regilyèman sou nouvell konsènan lasyans ke medya rapòte.** Kouman yon nouvo pwogrè kapab afekte lavi ou? Kisa pitit ou kapab fè pou pran avantaj oswa pou aprann apati pwogrè sa a?

**Ankouraje pitit ou pou li patisipe nan konvèsasyon nan katye ou.** Ale sou sit wèb Depatman konsèvasyon Leta Nouyòk *New York State Department of Conservation*, [www.dec.ny.gov/index.html](http://www.dec.ny.gov/index.html), pou jwenn yon gid detaye sou evènman k ap fèt toupatou nan eta a, tankou resous ak pwogram pou pwofesè ak elèv.

**Ansanm avèk pitit ou, al vizite *Rose Center for Earth and Space*** ki nan *American Museum of Natural History*, [www.amnh.org/rose](http://www.amnh.org/rose), nan Anwo Pati Lwès *Upper West Side*, chèche imaj lespas nan [www.nasa.gov](http://www.nasa.gov), oswa chèche liv sou astwonmi nan Bibliyotèk Piblik Nouyòk, [kids.nypl.org](http://kids.nypl.org).



## Aprantisaj lakay

**Pale avèk pitit ou sou opòtinite karyè ki gen pou jenn moun jodi a.** Kouman yo diferan avèk sa ki te disponib lè ou te genyen laj yo? Pale avèk pitit ou sou aptitud li dwe genyen pou jwenn yon bon djòb jodi a.

**Ansanm ak pitit ou, fè rechèch sou istwa bibliyotèk piblik vil Nouyòk** nan [kids.nypl.org/newyork/newyorkhistory.cfm](http://kids.nypl.org/newyork/newyorkhistory.cfm). Pale sou kouman chak minisipalite te devlope ak chanje nan epòk endistriyèl la.

**Eksplòre devlopman sistèm selèb tren vil Nouyòk** nan sit wèb [www.nycsubway.org](http://www.nycsubway.org). Ansanm avèk pitit ou, anvizaje kouman yon sistèm transpò nan tren oswa yon lòt sistèm tranzit rapid kontribiyè nan devlopman ekonomik yon vil. Epitou, itilize sit wèb la pou aprann boza ki nan estasyon nou yo.

**Ankouraje pitit ou pou li pale avèk yon granparan oswa avèk yon lòt manm fanmi ki te patisipe nan Dezyèm Gè Mondyal.** Anrejistre konvèsasyon an epi soumèt li ba Congress' Veterans History Project, [www.loc.gov/vets](http://www.loc.gov/vets).



# Syans sosyal

Nan syans sosyal klas uityèm ane, elèv yo ap eksplòre istwa Etazini ak Leta Nouyòk apati Epòk Endistriyèl jiska kounye a.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Analize kòz ak efè divès vag imigrasyon nan Etazini, regleman piblik konsènan imigrasyon ak kontribisyon imigran.
- Itilize divès sous pou chèche plizyè pèspektiv. Pa egzanp, èske tout moun k ap viv Ozetazini te kwè Etazini ta dwe antre nan Premye oswa Dezyèm Gè Mondyal la?
- Egzamine ak diskite sou avantaj ak dezavantaj Revolisyon Endistriyèl la.
- Konprann chanjman nan mendèv Lamerik pandan peyi a te vin pi endistriyalize. Pa egzanp, eksplike chanjman ki genyen nan kantite travayè agrikòl pandan kòmansman ane 20<sup>yèm</sup> syèk la parapò ak kantite travayè indistriyèl.
- Eksplike rezon ki lakoz migrasyon afriken-ameriken apati sidès pou rive nòdès Etazini nan premye mwatye 20<sup>yèm</sup> syèk la.
- Fè rechèch sou faktè ki te ede Etazini vin yon puisans ekonomik mondyal ant Premye ak Dezyèm Gè Mondyal la.
- Konpare diferan klima ekonomik ki te egziste Etazini pandan ane 1920 ak ane 1930 yo; pa egzanp, fen ekonomi pandan peryòd Premye Gè Mondyal la, devlopman ekonomi endistriyèl ak izin yo, ak devlopman syans ak teknoloji.
- Diskite sou fason resous te ra pandan Gwo Depresyon an, pandan Dezyèm Gè Mondyal la, ak pandan lòt peryòd ki te afekte lavi Ozetazini.
- Konnen ak apresye kontribisyon lidè selèb mouvman pou Dwa Sivil yo, tankou Martin Luther King, Jr., Rosa Parks, ak Malcolm X.

# Plis konesans ak aptitud enpòtan

Elèv klas uityèm ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.

- **Boza** : Elèv klas uityèm ane yo ap fè yon semès nan chak de fòm boza yo, tankou boza vizyèl, dans, mizik ak teyat. Y ap devlope aptitud ak teknik nan fòm boza; kreye travay orijinal; metrize vokabilè ak literati ki asosye ak yo; fè rechèch sou istwa; epi itilize enstitisyon atistik kòm resous pou aprantisaj, karyè posib ak aprantisaj avanse nan domèn sa yo. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Egzèsis fizik ak Sante** : Elèv yo ap kontinye amelyore sante ak byennèt pèsònèl yo, sante fanmi yo ak zanmi yo, epi sante lekòl yo ak kominote yo. Pa egzanp, nan tout matyè debaz yo, elèv yo ap aprann fason pou analize enfluyans fanmi, kamarad klas, ak medya sou konpòtman sante ak fason pou pratike konpòtman sante epitou pou evite konpòtman danjere, tankou fimèn ak pran dwòg. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Nan fen ane, elèv klas uityèm ane yo ap kapab revize yon kesyon pou rive nan yon sijè yo kapab fè rechèch sou li; fè rechèch avanse avèk divès motè rechèch; chèche enfòmasyon nan diferan sous pou yon pwendvi ekilibre; fè konklizyon ki kore ak prè; itilize enfòmasyon pou kreye travay orijinal; li divès jan poukont yo epi pataje repons yo; montre yo konprann dwa sou libète entèlektiyèl ak dwa sou pwopriyete entèlektiyèl; epi itilize Entènèt avèk etik epi nan yon fason ki apwopriye. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Teknoloji** : Elèv ki nan klas uityèm ane yo ap kontinye pratike, diskite ak pataje itilizasyon sennesòf ak akseptab teknoloji ak enfòmasyon. Elèv yo konnen fason pou yo itilize divès medya ak fòma yo pou desine (fè plan), devlope, pibliye ak prezante pwodui (pa egzanp, prezantasyon, bilten enfòmasyon, ak paj sit wèb) ki kominike enfòmasyon ak lide yo yon fason efikas sou korikolòm lan pou plizyè oditwa. Elèv yo ap egzamine pwoblèm ki asosye avèk pwotokòl òdinatè epi diskite mwayen pou ankouraje itilizasyon teknoloji ki pi efikas pou sipòte kominikasyon, kolaborasyon, rannman pèsònèl efikas ak aprantisaj pou tout lavi. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon ti rezime sou plizyè nòm pitit ou a ap gen pou l aprann ane sa a. Ou ka gade ak fè kopi gid sa yo pou tout klas, jadendanfan-8yèm ane menmjan ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas sou sit wèb nou an nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak Biwo pou Angajman ak defans dwa fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA) ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit wèb Ansèyman ak Aprantisaj

[www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics) ak sit wèb OFEA [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/OFEA](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/OFEA). Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan [ofea@schools.nyc.gov](mailto:ofea@schools.nyc.gov). Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo. T&I-7924 8th (Haitian Creole)



Department of  
Education

Joel I. Klein, Chancellor

